# ma wax: Subhaanal Laahi, wal hamdu lil Laahi, wa laa ilaaha illal Laahu, wal laahu akbaru, moo ma gënal lépp lu jant bi fenk ci kawam

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ma wax: Subhaanal Laahi, wal hamdu lil Laahi, wa laa ilaaha illal Laahu, wal laahu akbaru, moo ma gënal lépp lu jant bi fenk ci kawam».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne tudd Yàlla mu kawe mi ci baat yu màgg yii moo gën àdduna ak li ci biiram, te mooy: "Subhaanal Laahi": sellal Yàlla ci gépp wàññeeku. "alhamdu lil Laahi": tagg Yàlla ci ay meloom yu mat ya ànd ak bëgg ak màggal. "laa ilaaha illal Laahu": amul kenn ku ñuy jaamu cig dëgg ku dul Yàlla. "al-Laahu akbaru": moo gën a màgg lépp lu mu man a doon.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee